ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№40 (24.010) ● 2020 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 7, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**ЩІэуэ къежьа коронавирус уз зэрыцІалэм земыгъэубгъуным пэщІэт лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІ лъэхъэнэм узыншагъэр хъумэнымкІэ ІэнатІэм и языныкъуэ лэжьакІуэхэм тезыгъэгушхуэ ахъшэ яхуэгъэувыным и ІуэхукІэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Языныкъуэ лэжьакІуэхэм я улахуэм и ІуэхукІэ» 2010 гъэм накъыгъэм и 19-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №35-РЗ-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щІэуэ къежьа коронавирус уз зэрыцІалэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыру щытынымкІэ хабзэр щыгъэувыным икІи абы земыгъэубгъунымкІэ зи чэзу Іуэхухэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкІа Указ №19-УГ-м япкъ иткІэ **унафэ сощІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм «СПИД-мрэ уз зэрыцІалэхэмрэ къэмыгъэхъунымрэ ебэнынымкІэ и центр» узыншагъэр хъумэнымкІэ и къэрал бюджет ІэнатІэм (адэкІэ - ІэнатІэ) и лэжьакІуэхэм адрейхэм къащхьэщыкІ лэжьыгъэ зэрырахьэкІымрэ къалэн лей зэрагъэзащІэмрэ къыхэкІыу тезыгъэгушхуэ ахъшэ мазэ къэс яхуэгъэувын:

а) щІэуэ къежьа коронавирус узым къицІэлэнкІэ шынагъуэшхуэ пылъу я къалэныр ягъэзащІэу, щІэуэ къежьа коронавирус узыр зыпкърыт, е щІэуэ къежьа коронавирус узыр къыпкърыхьауэ шэч зыхуащІ цІыхухэм еІэзэхэм, къищынэмыщІауэ, а къагъэлъэгъуа цІыхухэм я биологие материалхэм елэжьхэмрэ щІэуэ къежьа коронавирус узым къицІэлэнымкІэ шынагъуэ щыІэу къэзыхъумэ комплект щхьэхуэ ящыгъыу зи лэжьыгъэр езыхьэкІхэм дэтхэнэми етын:

сом мин 50 - дохутырхэмрэ дохутыру щымыт щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэ ІэщІагъэлІхэмрэ;

сом мин 30 - медицинэ персонал курытым;

сом мин 25-рэ - медицинэ персонал нэхъыщІэмрэ адрей персоналымрэ;

б) ІэнатІэм и лэжьыгъэр къызэзыгъэпэщу щІэуэ къежьа коронавирус узым къицІэлІахэм е щІэуэ къежьа коронавирус узым къицІэлауэ шэч зыхуащІхэм яІумыуэхэм:

сом мин 30 - дохутырхэмрэ дохутыру щымыт щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэ ІэщІагъэлІхэмрэ;

сом мин 25-рэ - медицинэ персонал курытым;

сом мин 20 - медицинэ персонал нэхъыщІэмрэ адрей персоналымрэ.

2. Адрейхэм къащхьэщыкІ лэжьыгъэ зэрырахьэкІымрэ къалэн лей зэрагъэзащІэмрэ къыхэкІыу мы Указым ипкъ иткІэ тезыгъэгушхуэ ахъшэ мазэ къэс зыхуагъэув ІэнатІэхэмрэ къулыкъухэмрэ яубзыху езы ІуэхущІапІэм и унафэкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и арэзыныгъэ хэлъу.

3. Мы Указыр гъэзэщІа хъун папщІэ зыхуеину ахъшэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къызэрегъэпэщ, бюджетымрэ бюджетым щымыщ мылъкумрэ къахэкІыу.

4. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ икІи ехьэлІащ 2020 гъэм гъатхэпэм и 1-м щыщІэдзауэ къэхъуа хабзэ зэхущытыкІэхэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2020 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м*
*№33-УГ*



● Бахъсэн щІыналъэ

## Уз шынагъуэм зэрыпэщІэтыпхъэр яубзыху

**Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм и администрацэм щекІуэкІащ коронавирус уз зэрыцІалэм земыгъэубгъунымкІэ щІыпІэ Оперативнэ штабым и зэІущІэ**.

АБЫ щытепсэлъыхьащ Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм и администрацэм и унафэм щІэт щІыпІэ самоуправленэм и ІэнатІэхэм фІэкІыпІэншэу нобэкІэ зэфІахыпхъэхэм. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, Іэмал зэриІэкІэ цІыхухэм я зэхэзекІуэр гъэмэщІэныр, я узыншагъэм къигъэгузавэмэ дохутырхэм хъыбар ирагъэщІэныр, къабзагъэм ткІийуэ кІэлъыплъыныр, нэгъуэщІ куэди.

Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм и администрацэм и пресс-ІуэхущІапІэм и унафэщІ Улымбащ Лерэ дызэрыщигъэгъуэзамкІэ, коронавирус уз зэрыцІалэм я щІыпІэм щыщу цІыхуищ иубыдащ. Ар республикэм къыщыхъуам и Іыхьэ щанэм щІегъур.

**КЪАУДЫГЪУ Заур**.



● Къэрал Іуэху

## КІуэкІуэ Казбек хэтащ Къэрал советым и ЗэщІэзыгъэуІуэ Советым и Президиумым и лэжьакІуэ гупым и зэІущІэм

**Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщІ Мишустин Михаил и унафэм щІэту, видеозэпыщІэныгъэм и Іэмалхэр къагъэсэбэпри, мэлыжьыхьым и 3-м Москва щрагъэкІуэкІащ Коронавирус уз зэрыцІалэм пэщІэтынымкІэ Къэрал советым и ЗэщІэзыгъэуІуэ Советым и Президиумым и лэжьакІуэ гупым и президиумым и зэІущІэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек**.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ Правительствэмрэ Урысей Федерацэм и субъектхэмрэ коронавирус уз зэрыцІалэм пэщІэтынымкІэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм. Абы хэтхэм захуигъазэу Мишустин Михаил къыхигъэщащ мылэжьэгъуэ махуэхэр мэлыжьыхьым и 30 пщІондэ ягъэувыну къэралым и Президент Путин Владимир унафэ зэрищІар зэрызахуагъэр икІи цІыхухэм я узыншагъэр хъумэным зэрыхуэунэтІар. Абы къыдэкІуэу Урысей Федерацэм и субъектхэм Іэмал иратащ предприятэхэмрэ ІуэхущІапІэхэмрэ зэрылэжьэну щІыкІэр щІыналъэхэмрэ муниципалитетхэмрэ нэхъ къызэрыщезэгъым хуэдэу езыхэм яубзыхуну.

Правительствэм и УнафэщІым хэхауэ къыхигъэбелджылыкІащ зы мардэм псори темыту, щхьэж и щІыпІэм и сэбэп зыхэлъыр, экономикэм и щытыкІэр, цІыхухэр зэрызэхэсым и Іувагъыр къалъытэу хэкІыпІэ нэхъ езэгъыр къыхахыну. Уз зэрыцІалэм зэрызиубгъури щІэх-щІэхыурэ къапщытэн хуейщ. Псом ящхьэращи, санитар-эпидемиологие къулыкъухэм я чэнджэщхэм тетыпхъэщ.

Медицинэ ІуэхущІапІэхэм, дохутырхэм, адрей абыхэм епхахэм я лэжьыгъэм щытепсэлъыхьым Мишустиным къыхигъэщащ сымаджэщхэр сыт и лъэныкъуэкІи - Іэмэпсымэхэмкіи, хущхъуэхэмкІи, нэгъуэщІ зыхуеинухэмкІи - хуэхьэзыру зэрыщытыпхъэр коронавирусым ицІэлахэм еІэзэн хуэдэу. Уз шынагъуэм щебэнкІэ псом япэу къэхъумапхъэщ я ІэщІагъэмкІэ я къалэнхэр ягъэзащІэу абы махуэ къэс мызэмытІэу пэщІэт дохутырхэр, медсестрахэр, медицинэ ІэщІагъэлІ нэхъыщІэхэр.

Правительствэм и УнафэщІым дыщІигъуащ щІыпІэм и Іэтащхьэхэм зыхуеину псори зэралэжьыпхъэр дохутырхэр шынагъуэншэу я ІэнатІэм пэрытын папщІэ икІи зэрыкІэлъыплъын хуейр щІыналъэм и сымаджэщхэр Іэмал имыІэу зыхуэныкъуэ ІэщІагъэлІхэмкІэ - инфекционистхэмкІэ, пульмонологхэмкІэ, анестезиологхэмкІэ - къызэрызэгъэпэщам. Ахэращ мы зэман хьэлъэм лэжьыгъэм я нэхъ гугъур зи пщэ къыдэхуэр.

Зэпымыууэ нэхъ тынш ящІ коронавирусым пэщІэтын папщІэ хущхъуэхэмрэ медицинэ Іэмэпсымэхэмрэ нэгъуэщІ къэралхэм къращыныр. КъищынэмыщІауэ, цІыхухэр псом япэу зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэкІхэмрэ НДС-р щхьэщах.

Урысей Федерацэм и Правительствэр жыджэру толажьэ Президентым Іэ зыщІидза хабзэхэр гъэзэщІэным. Ахэр хуэунэтІащ зэрыхуа щытыкІэм и зэран экономикэм зэрекІыр гъэмэщІэным, хьэрычэтыщІэ мащІэмрэ курытымрэ нэхъ лей къызытехьа отраслхэм щыдэІыгъыным. Къапщтэмэ, хьэрычэтыщІэхэм хуагъэІэпхъуэ бэджэнд, налог ахъшэхэр тыным, страховой взносым я пІалъэр. Банкрот Іуэхури къызэтрагъэувыІащ. Кредит программэ щхьэхуэу тІу къыхалъхьащ - кредитыр щатыжыну пІалъэр илъэс ныкъуэкІэ хуагъэІэпхъуэ, процент къытехьэм и Іыхьэ щанэм фІэкІа ирамыгъэпшыну, къищынэмыщІауэ, лэжьакІуэхэм я улахуэр иратын папщІэ процент зытемыхьэ щІыхуэхэр хуаутІыпщ.

Бэджэнд уасэр хуагъэІэпхъуэ къэрал мылъкум къыдэкІуэу, коммерцэ зи лъабжьэ ІэнатІэхэми щыІэхэр къэзыгъэсэбэпхэм. Мазихым къриубыдэу фирмэ мыинхэм бэджэндым щІат уасэр елъытауэ щытынущ ипэжыпІэкІэ яІэ хэхъуэм. Иджыри къэс абыкІэ зэтрагъэхьа щІыхуэр Іыхьэ-Іыхьэурэ илъэскІэ япшыныжыфынущ. ЩІыналъэ унафэщІхэм чэнджэщ иратащ ямыгъэІэпхъуэ мылъку зиІэ хьэрычэтыщІэхэм я сэбэпынагъ зыхэлъхэр къалъытэну, къыхуагъэува мардэм тету лэжьэну хьэзырмэ, икІи я мылъкум техуэ налогыр ягъэмэщІэну.

КъищынэмыщІауэ, Правительствэм идэнукъым хьэрычэтыщІэ мащІэхэмрэ курытымрэ зезыхьэхэм хуаутІыпщ электрокъарур паупщІу, къуэдыхэр тралъхьэу щІыхуэ зэрызэтрагъэхьам къыхэкІыу, атІэ ахэр Іыхьэ-ІыхьэкІэ ирагъэпшыныпхъэщ. ХьэрычэтыщІэ мащІэмрэ курытымрэ зэрызыщІагъакъуэ Іэмалхэм ящыщщ лэжьэну хуит зыщІ дэфтэрхэмрэ лицензэхэмрэ я пІалъэм къызэрыхупащэр.

***КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.***

## Нобэрэ пщэдейрэ

**Мэлыжьыхьым и 7,** *гъубж*

♦**Узыншагъэм и дунейпсо махуэщ**. Узыншагъэр хъумэнымкІэ дунейпсо зэгухьэныгъэр къыщызэрагъэпэща махуэм (1948 гъэм) хуэзэу ягъэлъапІэ.

♦**Рунетыр - урысыбзэкІэ лажьэ интернетыр (Ru дамыгъэр зиІэр) - къыщызэрагъэпэща махуэщ**. 1994 гъэм мэлыжьыхьым и 7-м лэжьэн щІидзащ абы икІи дунейпсо «хъым» хэтыну хуитыныгъэ зиІэхэм хагъэхьащ.

♦**Армением щагъэлъапІэ Анагъэм, лъагъуныгъэмрэ дахагъэмрэ я махуэр**

♦**Руандэм щыщ тутси лъэпкъым кІэлъызэрахьа геноцидым хэкІуэдахэр ягу къыщагъэкІыж дунейпсо махуэщ**. ЛъэпкъыгъэкІуэд политикэм и бийуэ ООН-м 2003 гъэм къищта унафэм ипкъ иткІэ ягъэуващ ар. КъуэкІыпІэ Африкэм щыІэ а къэралым и унафэщІхэр 1994 гъэм дзэм тридзри, пІалъэкІэ лэжьэну правительствэ къызэрагъэпэщауэ щытащ. Ямылэжьа щІэпхъаджагъэхэмкІэ ягъэкъуаншэурэ, цІыху мин щитхум къыщыщІэдзауэ зы мелуаным нэс ягъэкІуэдауэ къалъытэ абы щыгъуэ.

♦**1795 гъэм** Франджым къыщащтащ Пщалъэхэм я мардэм теухуа хабзэр.

♦**1827 гъэм** инджылыз фармацевт Уокер Джон ищІащ япэ сенычыр икІи ар и ныбжьэгъу уэчыл Никсон ирищауэ щытащ.

♦**1934 гъэм** Урысейм къыщызэрагъэпэщащ бдзэжьейхэр хъумэным зи лэжьыгъэр хуэгъэпса ІуэхущІапІэхэр.

♦Америкэм щыщ къэрал къулыкъущІэ, ЦРУ-м и япэ унафэщІу щыта **Даллес Аллен** къызэралъхурэ илъэси 126-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, журналист, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, АР-ми КъШР-ми щІыхь зиІэ я журналист **Мэзыхьэ Борис** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Урысей продюсер, кинокритик, «Кинотавр» фестивалым и къызэгъэпэщакІуэ **Рудинштейн Марк** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущІэ, политик, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкІэ и Советым и УнафэщІ, «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и нагъыщэ псори зрата **Матвиенкэ Валентинэ** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Къэрэшей-Шэрджэсым и цІыхубэ усакІуэ, КъШР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ, Къандурым и цІэр зезыхьэ саугъэтыр зыхуагъэфэща **Бемырзэ Мухьэдин** къызэралъхурэ илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Къуэжьокъуэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

<u>**Дунейм и щытыкІэнур**</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 11, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 8,** *бэрэжьей*

♦**Цыджанхэм я дунейпсо махуэщ**. Цыджанхэм я дунейпсо Конгрессу 1971 гъэм Лондон щызэхэтам къыщащтащ абы теухуа унафэмрэ а лъэпкъым и гимнымрэ и ныпымрэ.

♦**УФ-мрэ Белоруссиемрэ я Дзэ комиссариатхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ**

♦**1766 гъэм** мафІэсыр щагъэункІыфІкІэ къагъэсэбэп пкІэлъей зэрыгъэжыр къызэрагупсысам и патент дунейм щыяпэу США-м щатащ.

♦**1918 гъэм** плъыфищу зэгуэлъ Урысей бэракъыр зэрахъуэкІащ щэкІ плъыжь зэфІэзэщым къыхэщІыкІа, зи къуапэм, гъубжэ, уадэ, вагъуэ хэщІыхьа ныпкІэ.

♦**1918 гъэм** Сихъу Сэфарбий и усэхэр зэрыт тхылъ къыдэкІащ.

♦**1966 гъэм** КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэу Брежнев Леонид хахащ.

♦Азие Курытым щыщ къэрал къулыкъущІэ, дзэзешэ, Кавказым и тхыдэми лъэужьышхуэ къыхэзына **Тамерлан** къызэралъхурэ илъэс 684-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм щыщ парт, совет лэжьакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Чэмокъуэ Аслъэнджэрий** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.

♦Композитор, УФ-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тыкъуэ Къаплъэн** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Дипломат, Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм и Секретарь нэхъыщхьэу 1997 - 2006 гъэхэм щыта **Аннан Кофи** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Адыгеймрэ УФ-мрэ я цІыхубэ сурэтыщІ, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къат Теучэж** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Футболист цІэрыІуэ, тренер Іэзэ, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, къэралым и чемпион, Совет Союзым и мызакъуэу, дунейм и щІыпІэ куэдми зи цІэр щыІуа **Чивадзе Александр** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкІэ, граждан, жылагъуэ ІуэхущІапІэхэм зегъэужьынымрэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и комитетым хэт **Пащты Борис** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэта **Шэшэн МуІэед** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Урысей футболист цІэрыІуэ, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, ди къэралми дуней псоми я гъуащхьэтет нэхъыфІхэм хабжэ **Акинфеев Игорь** и ныбжьыр илъэс 34-рэ ирокъу.

<u>**Дунейм и щытыкІэнур**</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 12, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ**.

**Лъэпкъ ІущыгъэI:**

**Дунейр зыгъэнэхур зы дыгъэщ.**






**«Мстиславрэ Ридадэрэ» - аращ зэреджэр иджыблагъэ Котляровхэ я тедзапІэм къыщыдэкІа тхылъыщІэм**.

● ТхылъыщІэ

## Тэмтэрэкъей зэпэзыубыдахэр

АР ДУНЕЙМ къытехьэным жэрдэм хуэзыщІа Абазэ Хьэсэн зэрыжиІэмкІэ, и гупыжым щхьэусыгъуэ хуэхъуар илъэситІ дэкІмэ, Тэмтэрэкъей зэпэзыубыда пщитІыр зэрызэбэнрэ илъэс мин зэрырикъурщ.

«2022 гъэм илъэс мин ирокъу ипэжыпІэкІэ щымыІа зауэзэрылІым, - зыкъыщытхуагъазэ тхылъым и гуэдзэным Котляров Викторрэ Абазэ Хьэсэнрэ. - ЗауэзэрылІыр щыІакъым, ауэ абы теухуауэ ятха лэжьыгъэхэм я бжыгъэр къызэщІэубыдэгъуейщ, ахэр литературэм, щІэныгъэм щыщ тхыгъэ е сурэтыщІхэм я ІэдакъэщІэкІ ирехъу. Абдежми къыщымынэу, зэбэна лІыхъужьитІым я цІэр тхыдэм къызэрыхэнам и щыхьэтщ абыхэм нобэми куэдрэ узэрырихьэлІэр».

Ди газетеджэм игу къэгъэкІыжын хуей къыщІэкІынкъым Налшык и закъуэ «Ридадэ» цІэр зэрихьэу ресторанитІ зэрыдэтыр.

«Ридадэ и хъыбарым сызэрыцІыкІурэ сыщыгъуазэт, - игу къегъэкІыж Іуэхур къезыхьэжьа Абазэ Хьэсэн. - Ар къызжиІэжат Іуэрыіуатэм фІыуэ хэзыщІыкІыу щыта, уэрэдыжь куэд зыщІэ си адэшхуэ Абазэ Далэ. Абы и хъыбарыр ауэ къиІуэтэж къудейтэкъым, жиІэр зэрыпэжым и щыхьэту Ридадэ теухуа уэрэдыжьри къыдыщІигъурт. Иджы сыхущІогъуэж а уэрэд кІыхьыр а зэманым стхыну сигу къызэрымыкІам.

ИужькІэ, абхъаз зауэлІхэм сахэту, Аргун Алексей итха «Адыгэпщ Ридадэ» тхылъым сыкъеджащ. Аращ къыщысщІар Іуэхур 1022 гъэм къызэрыхъуар. КъызэрыщІэкІымкІэ, ар илъэс мин щрикъуну гъэр гъунэгъу дыдэщ. Си ныбжьэгъу Котляров Виктор Аргун и тхылъыр къыдэдгъэгъэкІыж жысІэу зыщыхуэзгъэзэм, сыкъигъэщІэхъуакъым. Уеблэмэ, абдежым дыкъыщымыувыІэу, а зауэзэрылІым теухуауэ нэгъуэщІ лэжьыгъэхэри утыку къидгъэхьэ жиІэри, апхуэдэ щІыкІэу дунейм къытехьа хъуащ мы тхылъ цІыкІур».

Брошюрэ жыпхъэм ит къыдэкІыгъуэм ихуащ Іэрытх тхылъыжьхэм къэрахыжауэ Творогов Олег иджырей урысыбзэм къригъэзэгъа лэжьыгъэр. Абы иужь иту къокІуэ Мстиславрэ Ридадэрэ я хъыбарым урыс тхыдэджхэр щытепсэлъыхь пычыгъуэхэр. Бейтыгъуэн Сэфарбий, Рудилёв Николай, Нэгумэ Шорэ, МэшбащІэ Исхьэкъ сымэ я ІэдакъэщІэкІхэм щыщ пычыгъуэхэм къакІэлъокІуэ урыс усакІуэ Рылеев Кондратий итхауэ щыта поэмэ цІыкІур. Тхыгъэхэм я гъусэу дызытепсэлъыхь тхылъым ихуащ Тэмтэрэкъей илъэс мин и пэкІэ иубыду щыта щІыпІэр къэзыгъэлъагъуэ картэхэр, Мстиславрэ Ридадэрэ зэрызэбэнар къэзыгъэлъэгъуа сурэтыщІхэм я ІэдакъэщІэкІхэр.

«ТекІуар сыт щыгъуи захуэщ», - зэрыжаІэ хабзэм тету, дэтхэнэ лъэпкъми и лІыхъужьыр нэхъ фІэзахуэщ, дауи. КъарукІэ зэпэщІэтыну зэгурыІуа пщитІым я зым сэ кърипхъуэтрэ адрейр иукІмэ, абыи «текІуа» фІэпщыфынущ. Ауэ, латин псалъэжьым зэрыжиІэщи, «дунейм ехыжахэм е фІыкІэ я цІэ къиІуэ, е къыумыІуэххэ».

**ЧЭРИМ Марианнэ**.

# Мэзыхьэ Борис Беслъэн и къуэр

## ЛЪЭПКЪЫМ И ФIЫЩIЭ

**Журналистыр тхакIуэ Iэзэ хъуныр Мэзыхьэ Борис и деж къыщежьакъым. Ар езым хуэдэ куэдым нэхърэ нэхъ тхакIуэфIу щытынми хуэIуа щыIэкъым. Мэзыхьэри дызэрыгушхуэ ди прозаикхэм ящыщ зыщ, хуэдэ уигъэлъыхъуэну, хуэдэ бгъуэтми, нэхъыфI умыгъуэтынщ, зэрыжаIэу. Ауэ тхакIуэфIым и Iэзагъым дехьэхури, абы цIыхугъэшхуэри зэрыхэлъыр гулъытэншэу куэдрэ къыдогъанэ. Мис абы и щапхъэ къэсхьыну сыхуейт.**

ЗЭРЫТЩIЭЩИ, тхылъыфI гуэр зыIэрыхьа хъуам къыIэщIэгъэкIыжыгъуей дыдэщ. Езыр зэ еджэми, ауэ сытми ирижэми, апхуэдэ тхылъ зыпэщIэхуэр зейм иритыжыным хуэпIащIэркъым, зэриIыгъым ирипагэу, ауэ зыкIи имысэбэпу сабэ трихьэжауэ и унэ щIигъэлъщ. Си щхьэкIэ сыIэбэм къэсщтэнухэм ящыщу мащIэкъым апхуэдэу сфIагъэкIуэсар. Сэри къызатыжакъым, езыхэми яхуэщхьэпакъым, къэзыщтэу къэзымыхьыжам и Iэр угъу, жысIа щхьэкIи, зи Iэр пыгъукIаи слъэгъуакъым. АтIэ, зэгуэрым Мэзыхьэм сыхуэзауэ - абы щыгъуэ ар «Ленин гъуэгу» газетым и тхьэмадэ къулыкъум теувагъащIэт - си деж ныщIыхьэт, жери, и IуэхущIапIэм сыщIишащ. ЗыщIыпIэкIэ дэIэбэри, гъэпщкIуауэ дэлъ тхылъ цIыкIу гуэр къищтащ:

- Iэдэм, мыр къысIэрыхьа хъуащ, мыпхуэдэ тхылъ хэкум имылъыжми сщIэркъым, ауэ мыр сэ схъумэн къудеймэ, уэ лэжьыгъэкIэ къыпхуэщхьэпэну сфIощIри, узот.

Ар жиIэри, си гъащIэм сымылъэгъуауэ, 1942 гъэм къыдэкIауэ щыта «ПащIэ Бэчмырзэ. Усэхэр» тхылъыр къызет! Ар ауэ сытми тхылътэкъым, адыгэ усакIуэ тхьэмадэм и Iэужьу ЩоджэнцIыкIу Алийрэ КIыщокъуэ Алимрэ, Дадэ Адэлбий я гъусэжу тедзэным хуагъэхьэзырауэ щыта тхыгъэхэм ящыщт. Дауи, ар зыщIэм дежкIэ лъапIэ дыдэт, нэгъуэщIым ептынкIи гупыкIыгъуейт. Ауэ Борис ар къыщызитым зэгупсысар лъэпкъым и тхыдэм дежкIэ абы иIэну мыхьэнэрат.

Уи япэ итым щапхъэфI уигъэлъагъумэ, абы ищIар уэри пщалъэ пхуохъуж. Сэ а тхылъыр икIи схъумащ, IуэхукIи къэзгъэсэбэпащ, зи фIыщIэри сщыгъупщэркъым. Зэгуэрым сэр нэхърэ езым нэхъ хуэфащэу зылъытэжа гуэрым сIэщIигъэкIри зыIэщIиубыдэжауи щытащ. Ауэ абыи къыIэщIэдгъэкIуэсыкIыжри, ди институт библиотекэм щIэслъхьэжауэ щIэлъщ, ар нэхъ хъумапIэфIу къэслъытэри. Си гугъэмкIэ, ПащIэм и усэ тхылъу япэ дыдэ дуней зылъэгъуам и тиражым щыщу а зыращ къэнэжауэ щыIэр. Мэзыхьэ Борис мыхъуатэмэ, ари зыхуэдэр тщIэжыхxэнутэкъым.

... Совет къэралыр къыщылъэныкъуэбахэм щыгъуэ, газетыцIэ нэгъунэ щызэрахъуэкIыж зэманым и махуэ гуэрым, Мэзыхьэр къыдэджэри зы гупыфI дызэхуишэсауэ щытащ. Iуэхур зытеухуар газетым и цIэр, «Ленин гъуэгур» зэманым нэхъ къезэгъ гуэркIэ зэхъуэкIын хуейти, къыдэчэнджэщыну арат. Абы кърихьэлIахэм яхэтащ езы газет лэжьакIуэхэри, ди университетым щылажьи, бзэм и IуэхукIэ нэхъ узэупщIын нэгъуэщIхэри. ФIэщыгъэцIэ хъуну пIэрэ жыпIэну зыбжанэ къыхалъхьащ абдежым. Псалъэр къыщыслъысым, сэ жысIащ, дунейм япэ дыдэу къэбэрдей адыгэбзэкIэ къытехьа газетым и цIэр, «Адыгэ макъыр» къэпщтэжынкIэ къабылу. Ауэ кIахэхэр ди япэ ищри абыхэм а цIэр ящтагъэххэу къыщIэкIащ. Ар щымыхъум, ахърэт нэху Тхьэм зритын Щэрдэн Iэбурэ сэрэ дызэчэнджэщри, «Адыгэ псалъэ» фIэдывгъэщ, жытIащ, мо япэ жытIами пэгъунэгъуу икIи къэппсэлъынкIэ Iэрыхуэу. Щэрдэным мыпхуэдэу щIигъужауэ щытащ: «Адыгэ псалъэ жыпIэмэ, псалъэ пэж, купщIэ зиIэ, ущызымыгъэуэн, лIы и псалъэ, жиIэу къибгъэкI мэхъу», - жиIэри.

Абы псори аразы техъуэри, компартым иджыри шхуэIур щимыутIыпща Унэшхуэм тхылъу ирагъэхьащ. АрщхьэкIэ, зэман дэкIауэ, Мэзыхьэм аргуэру дызэхуешэс: «Унафэр зыIэщIэлъхэм ядакъым, - жи. - ЛъэпкъыцIэр хэтмэ, националист къытфIащынкIэ мэшынэхэр. Ди къуэш балъкъэрхэм «Заман» фIащ».

Аргуэру акъыл зэхэдзэм зыбжанэ къыщыхалъхьащ, ауэ псэм дыхьэу зыми зыри къыщыхуэмыгупсысым, псори акъылэгъу зэдэхъуащ, «Адыгэ псалъэм» япэ ибгъэувэ хъун зэрамыгъуэтынумкIэ. Аргуэру Щэрдэнымрэ сэрэ дыкъэуващ, ардыдэр етIуанэу къэдгъэлъагъуэу газетыр зи орган къулыкъущIапIэм едгъэгъэзэжыну. «Сыадыгэщ, жыпIэным национализм щIыхэлъыр сыт, - жиIащ Iэбу, - лажьэ иIэкъым». Сэри сыдежууащ: «Компартым и жыIэр гъуазэ закъуэу уафэ джабэм щита зэманым хуэдэжкъым, димыкIуэтмэ, мыр пхыдгъэкIыфынущ», - жысIащ. Псори абыкIэ акъылэгъу дызэдэхъури, езы редактор нэхъыщхьэри зыхуеиххэр арати, республикэм и тхьэмадэхэм яхуедгъэхьащ ди адыгэ псалъэр.

Абы иужькIэ Мэзыхьэм а фIэщыгъэцIэр республикэ унафэщIхэм я деж къэгъазэ имыIэу щыпхигъэкIауэ щытащ. Мис апхуэдэращ лъэпкъылI, хэкулI диIащэрэт, щIыжыпIэнур. Зы имыщIами, а зыр лъэпкъым зэрыхуищIар ирикъунщ Мэзыхьэ Борис и фIыщIэр мыкIуэдыжыну.

**ГЪУТ Iэдэм,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор.*



КхъуэIуфэ Хьэчимрэ Лъэпщокъуэ БетIалрэ я гъусэу траха фэеплъ сурэт. *1992 гъэ*



ЗэIущIэ нэужьым. *1982 гъэ*

## Насыпым и къежьапIэ

**Сэ Борис зэрыстудента лъандэрэ соцIыхури, фIы мыхъумэ, Iей лъэпкъ дэслъэгъуакъым. Псом япэу дэ тIур гъунэгъу дызэхуэзыщIар лэжьыгъэрщ. Зы пэш дыщIэсу, ди лэжьапIэ стIолыр зэбгъурыту, зы Iуэху зэдэтщIэу, ди дзыхь зэдгъэзу илъэс зыбгъупщI зэдетхьэкIагъэнщ, ауэ си нэхъыжьыгъэми и нэмысыр абы сыт щыгъуи иIыгъащ.**

СЭ РЕДАКЦЭМ сикIыжу радиокомитетым сыкIуэжа иужь щэнхабзэмкIэ къудамэм и унафэщIу си пIэкIэ Борис лэжьащ. Куэд дэмыкIыу аргуэру драгъэкIуэтейри, жэуап зыхь секретару ягъэуващ. Абы иужькIэ редакцэм щIашри, партым и обкомым яшащ, печатымкIэ къудамэм и унафэщIу. А лэжьыгъэр хъарзынэу илъэс зыбжанэкIэ ирихьэкIа иужь, здикIа редакцэм къигъэзэжащ газетым и редактор нэхъыщхьэу. А лэжьыгъэ гугъур Мэзыхьэм илъэс 15-кIэ ирихьэкIащ. Абы нэхърэ нэхъыбэкIэ а IэнатIэм бгъэдэта япэкIэ щыIауи сщIэркъым.

Мы зэманым Борис мэлажьэ КъБР-м и Журналистхэм я союзым и унафэщIу. СССР-м и Журналистхэм я союзышхуэм къыбгъэдэкIыу ар лIыкIуэ гупым я нэхъыщхьэу ягъэкIуащ. Ар пщIэ лей къызэрилэжьым и щыхьэткъэ?!

Илъэс 30 хуэдизкIэ журналист къалэн мытыншыр хуэIэижьу Мэзыхьэм «Адыгэ псалъэм» щрихьэкIащ, щилэжьащ ущIыщытхъун Iуэху щхьэпэхэри. Ауэ ар республикэм къызэрыщацIыхур журналист къудейуэкъым. Борис ящыщщ къэбэрдей литературэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа ди тхакIуэ нэхъ пажэхэм. Адыгэбзэки урысыбзэкIи къыдэкIауэ абы ди пащхьэ кърилъхьащ тхылъ куэд икIи ахэр цIыхубэм гунэс ящохъу. Мыр гъащIэм нэ жанкIэ хэплъэф, пэжыр къэзылъагъуэф икIи гум нэсу зытхыжыф тхакIуэхэм ящыщщ. Абы и новеллэхэр цIыхум и псэм нос, гум хыхьэу пэжщ, гъащIэм и нэхъ уэрыпIэм къыхэхъукIащ.

Насыпыр Iыхьэ мыгуэшщ, ари къуэзэритщ, жаIэ. Ауэ абы зы хабзэ нэрымылъагъу гуэр, Iэмыр хъу ухыгъэ хэлъмэ, Мэзыхьэм и насыпым и къежьапIэр и анэм хуиIа лъагъуныгъэ мыухыжырщ. Зи анэ зыужэгъужа щыIэу къыщIэкIынкъым, ауэ Борис хуэдэу ар егъэлеяуэ зылъагъуфари зырызщ. Ахэр ауэ сытми жысIэ псалъэ тегъэлакъым, атIэ дыщызэдэлэжьа лъандэрэ абы дэслъагъу пэжщ. Анэр фIыуэ плъагъунри насыпщ.

Тхьэм пхущIигъэхьэ, Борис.

**КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ. 2015 гъэ*

## ЩIыпIэ хэха зыхуэфащэ

**Адыгэ литературэм зеужьыр, тхыбзэ диIэ зэрыхъу лъандэрэ. Абы къигъэIурыщIащ лирикэм, эпосым, драмэм хыхьэ жанрхэр. Ахэр гуэшащ усыгъэрэ прозэу. Иужьрейм и фащэу, и къупхъэу ябжыр: Iуэтэжыр, новеллэр, повестыр, романыр.**

**Лъэхъэнэ зыбжани, тхакIуэхэм я гуащIэдэкI куэди текIуэдащ а жанрхэм яхуэфащэ тхыгъэхэр адыгэ литературэм хыхьэным. Жанр къэскIэ яIэщ гъащIэр къызэрагъэлъагъуэ бгъэдыхьэкIэ, сюжет ухуэкIэ, тхэкIэ щхьэхуэ, нэгъуэщI Iэмал зыбжанэ. ТхакIуэхэр куэдщ, ауэ «Пегас» и лъагапIэм дэкIыфыр мащIэщ. Ахэр зытележьа жанрхэм елъытауэ я цIэ къиIуапхъэщ: ЩоджэнцIыкIу Алий (поэмэ жанрым), КIэрашэ Тембот, КIыщокъуэ Алим, МэшбащIэ Исхьэкъ (романым), Iутыж Борис (драматургием), мащIэкъым лирикэм и лъагагъыр зыIэтахэр. Нэхъыбэжщ Iуэтэжым зезыгъэужьахэр. Мы жанрыр къэзымыгъэсэбэпа щIагъуэ яхэткъым ди тхакIуэхэм, ауэ абыхэм япэ зи цIэ къиIуапхъэхэр, нэхъ ехъулIэныгъэ зиIэхэр, зи IэдакъэщIэкIхэр критикэми тхылъеджэхэми пщIэшхуэ зыхуащIхэр къыхэпхыныр тыншкъым.**

СЭ СЫЗЭРЕПЛЪЫМКIЭ, Iуэтэжхэм, псом хуэмыдэу новеллэхэм уакIэлъыплъмэ, адыгэ литературэм щIыпIэ хэха зыхуэфащэ тхакIуэхэм шэч хэмылъу яхэтщ Мэзыхьэ Борис. Абы литературэм, журналистикэм хэлъхьэныгъэу хуищIар куэд дыдэ мэхъу. Псоми зэращIэщи, адыгэ литераторхэм япэ лъэбакъуэхэр адыгэ газетхэм щачащ. Илъэс пщIы бжыгъэкIэ журналистхэр корреспондентхэу икIи усакIуэхэу, тхакIуэхэу щытащ. Зауэм ипэ лъэхъэнэм гугъут информацэ зи лъабжьэ очерххэмрэ Iуэтэжхэмрэ зэхэбгъэкIыну, уеблэмэ, ар езы тхакIуэхэми щызэхагъэзэрыхь къэхъурт. Нобэ а Iуэхур нэхъ зэхэкIащ, ауэ иджырей лъэхъэнэми ди тхакIуэхэми литературэдж гуэрхэми нэгъэсауэ Iуэтэж къызэрыгуэкIхэмрэ новеллэхэмрэ я гъунапкъэр зэхагъэкIыфу пхужыIэнукъым. Зи гугъу тщIы проблемэр щыIэщ дунейпсо литературэми. Псоми зэдэарэзыуэ къалъытэ Мопассан, Чехов сымэ хуэдэхэр новеллист гъуэзэджэу.

Iуэтэжым сюжет хэха иIэщ, абы къэхъукъащIэхэр тхакIуэм къыщIэудауэ зэрехъуэкI, узэмыжьэ кIэухкIи «пэщIэIуантIэ» иретыж. Новеллэм къегъэсэбэп «парадокс» жыхуаIэ Iэмалыр, авторым тхылъеджэр егъэпIейтей, егъэгузавэ, Iуэхур зэриухыным хуегъэпIащIэ.

Къэтщтэнщ Мэзыхьэ Борис и зы новеллэ «НапитI» жыхуиIэр (Мыр новеллэщ, езы Борис Iуэтэж (рассказ) зэрыт тхылъым хигъэхьами). Тхыгъэм хэт персонаж нэхъыщхьэр сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Жэхьфарщ. Ар илъэс бжыгъэ хъуауэ хьэлэлу мэлажьэ, ауэ ищхьэкIэ зыгуэрым тригъэкIыну и къуэдзэ Суфян нэхъыщхьэ ищIу езыр абы и къуэдзэу игъэувыну унафэ къегъакIуэ.

А тIур къулыкъукIэ зэрагъэхъуэжа щхьэкIэ, щхьэж и телефон номерыр къызыхуагъэнэжащ. Ар зымыщIэ, ауэ тIури фIыуэ зыцIыху Сэлихь (аращ «НапитI» ролыр зыгъэзащIэр) телефоныр зэхегъэзэрыхьри, Жэхьфар щIегъэлъэлъ, Сэлихьу жеIэри, Суфяныр езым хуеубыжыр, Жэхьфару къыфIощIри. ТIуми иужькIэ яхуозэри, я щытхъупсыр егъажэ. Жэхьфар емыдэIуэжыфу, Iуэху иIэу жеIэри епIэщIэкIыну пылъщ, ауэ Суфян къолъэIу: «Уи телефоныр къызэти, Суфян тестхъуар бжесIэнщ». Аргуэру сюжетым зехъуэж. Жэхьфар, тхылъымпIэ кIапэм и телефон номерыр третхэри, йожьэж. Сэлихь и жьэр Iурыхуауэ къонэ: «Уа, уэ уи телефоныр умыхъуэжауэ ара?»

Сэ къэсхьар сюжет гъущэрщ, ауэ новеллэр психологие и лъэныкъуэкIэ Iэзэу ухуащ. Апхуэдэу, удихьэхыу укъоджэ Борис и нэгъуэщI новеллэхэми, къызэрыгуэкI Iуэтэжхэми.

Мэзыхьэ Борис тхакIуэ Iэзэ зэрыхъуам и хэкIыпIэ нэхъыщхьэщ абы адыгэбзэр кууэ зэрищIэр, псом хуэмыдэу журналисту илъэс куэдкIэ зэрылэжьар. Сыт хуэдэ къулыкъу иIыгъами, Борис тхэн зы махуи щигъэтакъым. Абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ очеркхэр, Iуэтэжхэр, повестхэр, гушыIэхэр. Гу лъытапхъэщ, Мэзыхьэм и гушыIэхэми новеллэм и сюжетхэм я хьэл зэрахэлъым («Анэ», «Фыгъуэ», «Абы щхьэкIэ куэд ухуей?», н.). Борис газетхэм папщIэ итххэмрэ литературэм хигъэхьэхэмрэ зэщхьэщокI зыкъомкIэ. Иужьрейхэм я бзэр нэхъ къулейщ, нэхъыбэу къыщегъэсэбэп эпитет, метафорэ, зэгъэпщэныгъэ щIэщыгъуэхэр. Ар ядэплъагъукъым журналистхэу литературэм хыхьа куэдым.

ТхакIуэ цIэрыIуэм и IэдакъэщIэкIхэм я сюжетхэр адыгэ гъащIэм, ди къуажэхэм къыщигъуэтащ. Зытетхыхь къэхъукъащIэхэр къызэрымыкIуэми, ахэр уи фIэщ ещIыф Борис. И персонажхэр щыпсэу зэманыр, лъэхъэнэр уи нэгум къыщегъэувэф. Аращ дэтхэнэ тхакIуэ нэсми и къалэн нэхъыщхьэр. Иджыри зы щIызгъунут. Мэзыхьэ Борис журналист, тхакIуэ гуащIафIэ къудейкъым, атIэ IэнатIэ лъагэ иIахэм деж лэжьыгъэр хъарзынэу къыщызэригъэпэщырт, газетым и унафэщIу щыщытами, журналистхэм я тхьэмадэу щагъэувами. Мыхьэнэшхуэ иIэщ Мэзыхьэ Борис Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я журналистхэм теухуа псалъалъэ зэхилъхьам.

Илъэс 80-р цIыху щхьэхуэм дежкIэ Iуащхьэ лъагэщ, абы и щхьэщыгум дэкIащ Мэзыхьэ Борис, лIыгъэ хэлъу къызэринэкIащ аварие хьэлъэ зыхэхуари. ДэкIыфащ адыгэ литературэм и Пегас зыхуагъэфащэ хъуну лъагапIэми, ябгъэдэуващ ди тхакIуэ пажэхэм. Ар къилэжьащ и талантымкIэ, и гуащIэ хьэлэлымкIэ.

Дэри дехъуэхъунщ Борис и узыншагъэм кIэрымыхуу, зэхъуапсэр къехъулIэу гъащIэ кIыхь хъуну, сыт и лъэныкъуэкIи ехъулIэныгъэрэ насыпрэ щымыщIэну!

**БАКIУУ Хъанджэрий,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик.*

*НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар* **ТЕКIУЖЬ Заретэщ.**

## Тхьэр зыхуэупса

**ХыщI гъэхэм я пэщIэдзэхэм ди литературэм къыщIэтэджауэ щытащ тхакIуэ, усакIуэ щIалэ гупышхуэ. Ди тхыдэ благъэм щыгъуазэ дэтхэнэми ещIэ а зэманыр зыхуэдар: иджы зэрыжаIэ хабзэщи, дунейр уэфI хъууэ щыщIидза лъэхъэнэт ар, хуитыныгъэм ижь мащIэ къыкъуэури, цIыхум ягу илъыр я жьэкIэ яIуатэ хъуауэ.**

ЛИТЕРАТУРЭМИ щызэхэпщIэ хъуащ а жьы мащIэм и IэфIыр, абы и бзэр хуит хъууэ щIидзащ. Апхуэдэ зэманым литературэм къыщIэтэджа тхакIуэ, усакIуэ щIалэхэрщ, я ныбжь нэсри, лIыпIэ иувауэ, нобэрей ди литературэм и жьантIэм щылажьэр, абы и фIыпIэр зи Iэдакъэ къыщIэкIар.

Сэ шэч къытесхьэркъым Мэзыхьэ Борис апхуэдэ тхакIуэхэм зэращыщым. Илъэс хыщIым щIигъуауэ щолажьэ ар ди литературэм, а лъэхъэнэм абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ ди литературэм и тхыдэм зэи щымыужьыхыжын тхыгъэ хьэлэмэт куэд - и Iуэтэжхэрауи, и новеллэхэрауи, и повестхэрауи ирехъуи. Апхуэдабзэу шэч къытесхьэркъым Мэзыхьэ Борис и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэр зыхэгъуэщэн зэрыщымыIэм.

Зи къалэмыр жан тхакIуэ набдзэгубдзаплъэм, зэрыхабзэщи, тхэн зэриублэ лъандэрэ къыдогъуэгурыкIуэ иужькIэ зэи IэщIыб имыщIыж темэрэ образрэ. Дапщэрэ игъэбатэми, зыщимыгъэнщIу, хуэмыухыу, Мэзыхьэм и тхыгъэхэм лъабжьэрэ купщIэрэ яхуищIыр цIыху цIыкIум и дунеймрэ и гурыгъу-гурыщIэхэмрэщ. Борис зи образ къигъэщIа цIыху «цIыкIум» и псэм и дахагъэкIэ, и цIыхугъэкIэ, и гупсысэкIэ уимытхьэкъун плъэкIыркъым - дауи, ар зыхузэфIэкIыр цIыхум и гущIэлъапсэм къипсэлъыкIыф, абы и гум щыщIэмрэ и фэм дэкIымрэ дэзыгъэлъагъуф тхакIуэрщ. Апхуэдэ прозаикщ Мэзыхьэ Борис - зэфIэкI инрэ Iэзагъэшхуэрэ къыдалъхуауэ, Тхьэр абыкIэ къыхуэупсауэ.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид,**
*КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.*



Мысырым зыщеплъыхь. *1992 гъэ*

МЭЗЫХЬЭ Борис

## Мазэхэ жэщ

### Новеллэ

ХЕЛЪАФЭ къалэр жей Iувым. ЕпIэщIэкIыу ягъэункIыфIыж уэздыгъэхэмкIэ унэ жейбащхъуэхэм я нэхэр ягъэупIэрапIэ. Нартыху цIынэ хуэнщIейуэ къриухуэнщIэх уэсыр, жэщ хьэндырабгъуэу, пхъэхэтIэхэм фIэлъ уэздыгъэхэм епщIащ. Зы зэман ахэри мэункIыфIри, къалэшхуэр кIыфI, щым мэхъу. Гугъу ехьа къалэр, махуэщIэм зыхуищIу, жейм хелъафэ. Ауэ зы щхьэгъубжэ гуэр жэщ Iэджэ щIауэ ункIыфIыркъым. ЦIыхубз щхьэцыгъуэм и куэщI илъ хъыджэбз цIыкIум и нэгур апхуэдизкIэ мамырщи, IэфI дыдэу жей пфIощI. Шэнтщхьэгуэм тес дохутырым и нитIыр абы къыхутехыркъым: сабийм и напщIэ зэрыхэлъэтми, и бэуэкIэми, сымаджэм дилъагъу псоми ар ягъэпIейтей, уеблэмэ и напIэр зэтрилъхьэу щхьэукъуэн дзыхь имыщI пфIощI.

Дохутырыр хуэмурэ къотэджыжри, хъыджэбз цIыкIум и джанэбгъэр етIатэ. Сымаджэм и нэ пIащитIыр къызэтрехри, анэмрэ абырэ нэщхъейуэ къахудоплъей, дохутырым пыгуфIыкI хуэдэу зещI, арщхьэкIэ узым пасэу балигъ ищIа сабийм и Iупэхэр, дзэ хужьыпсхэр къыIупсу, япэхэм хуэдэу зэтежыркъым. Ину бэуэн дзыхь имыщI щIыкIэу, дохутырыр сымаджэм и гум йодаIуэ. Ешащ, пасэIуэу къаруушэ хъуащ цIыкIур, зэкIэлъигъэпIащIэу зихуз щхьэкIэ, лъыр къыхуехуэкIыжыркъым. Зехуз, зепIытI лы IэмыщIэм, арщхьэкIэ къарууншэ хъу зэпытщ, жьыр хуримыкъуу, сабийм и жьэр ину зэщIех...

* * *

... КIыфIщ, нэм къыщIэIэбэр плъагъуркъым. Ар нэхъ щхьэпэщ бжыхьым зыкъуэзыудыгъуа лIым дежкIи. Мазэр къыщIэкIыным ар ирошынэ, уэсыр къызэрыриухуэнщIэхым ирогуфIэ. ЛIыр куэбжэ цIыкIум бгъэдохьэ, Iуехри, нэкIуэпакIуэу джэдэщымкIэ еунэтI. Абы мы пщIантIэр фIыуэ ецIыху, IэджэрэкIэ къыдыхьащ, ауэ ныщхьэбэ къытемыплъэIамэ нэхъ къещтэ. Дыгъум джэдэщыбжэр Iуегъэпкl, асыхьэтуи бабыщхэм загъэIэуэлъауэ. Ар лъэуеймкIэ мэIэбэ, гуэгушыхьум и макъыр къоIу. ЛIым ар зэщIеубыдэ, мэдаIуэ. ПщIантIэр щымщ, ауэ жейркъым. Бжэ дамэдазэмкIэ къыдоплъ фызабэр. Ар мэгузасэ: зауэм хэкIуэда и щIалэм хуигъэшха гуэгушыр яхь. ХьэдэIус триIуат. Дыгъур сакъыпэу джэдэщым къыщIокIыжри, бжэ-щхьэгъубжэм и щIыб хуигъазэурэ докIыж. Фызыжьыр кIэкуакуэу бжэм Iутщ, ауэ псалъэ жиIэн мэшынэ - псэр IэфIщ. И нэ набгъэхэм дыгъур къахуэцIыхуркъым. Дыгъури мэпIащIэ: фадэ Iэнэ зэтету гуп къыпоплъэ. Фызыжь ибэр, гъыбзэр игъэшу, пIэ щIыIэм хогъуэлъхьэж.

* * *

... Хъыджэбз цIыкIур нэщхъейуэ къыдоплъей, жьыр хурикъуркъыми, и напIэхэр къопщ.

- Мамэ, щхьэгъубжэр Iупхтэмэ...

Iуех. Ауэ жьы игъуэтыркъым. Кислород зэрыт щхьэнтэр къахь, ягъэбауэ, сымаджэр нэхъыфI къохъу. Иджы абы и нитIым гъащIэ щIэтщ. КъыщIыхьа адэм хуогуфIэ.

- Ныжэбэризэм сымылIэмэ, итIанэ сыпсэунт...

- НтIэ упсэункъэ, дохутырым ухъужауэ жеIэ... - ар хъыджэбз цIыкIум и фIэщ хъуркъым.

- Сыт пшхынт, си тIасэ?

- Псы сефэнт.

Жэщыр хокIуатэ. Пэшыр щымщ. Дохутырри шэнтщхьэгуэм зэрытесщ. Сымаджэм и Iэр къещтэ, лъынтхуэр къызэреуэм йодаIуэ, едэIуэху и нэгур зэхоуэ. Гур и къалэным пэлъэщыжыркъым. Сыт Iэмал? Iэмал щыIэкъым. ИщIэнIауэ къарууншэщ дохутырыр. ИтIани мэгугъэ. Мэгугъэ анэри. Хэт ищIэрэ...

* * *

Дунейр мэжей, зегъэпсэху. ЩыIэщ мыпсэу Iэджи.

- Дэ уи лэжьапIэм дрипсэуфыркъым, - пIэкум ис фыз щхьэ бапхъэр, зыIуригъэлъэдэным хуэдэу, и лIым йоплъ. - Сэ нэхъ щыгъыныджэ дэнэ щыIэ? Жылэм къелыжа шубэр згъуэтыркъым, - дыщэ IэлъынкIэ бла Iэпхъуамбэхэр уэгумкIэ еIэтри, - сыту сыделат, сыту сунэхъуат сэ уэ сыкъыщыбдэкIуам! - жиIэу мэкIий.

- А уанэ мыгъуэр тезылъхьа, шуби бгъуэтынщ зы зэман, сыт зыщIэплIэжыр? - зэтриуIэфIэну яужь итщ лIыр. - СиIэр къызохьэлIэ, симыIэр дэнэ къисхын?

- Адрейхэм дэнэ къыздрахыр? Уэ адрейхэм уахуэдэлIкъэ? - фызыр нэхъри къызэщIоплъэ, къотхъутхъукI, сабийхэр къэушыжащи, я нэм щIэIуэтыхьу магъ, ауэ фызым зыри зэхихыжыркъым, зыри илъагъужыркъым, джатэ уIэгъэу, псалъэ гуауэхэр едз...

... Сымаджэщыр щымщ. Псори жей пIейтейм хэтщ. Пэш закъуэрщ уэздыгъэр щыблэр. ГъуэлъыпIэм ис хъыджэбз цIыкIум балигъищ щхьэщысщ. Дэтхэнэми и гум гуауэр щожьэ. ТIур иджыри мэгугъэ, ещанэм гугъэр хихыжащ. Дохутырым хъыджэбз цIыкIум и Iэр иIыгъщ, лъынтхуэр къызэреуэм едаIуэу. Ар дакъикъэ къэс нэхъ кIащхъэ мэхъу. ГъащIэм и мафIэр мэужьых. Гум и къарур еух. Абы зепIытI-зехуз, ауэ къарууншэ хъуащи, лъэкIыжIакъым. Сымаджэм и напIэ къиIэтыжыркъым, плъагъуу фагъуэ мэхъу, бауэу зыхэпщIэжыркъым. И фэр пыкIауэ, адэр къызэфIоувэ, мыкIиин щхьэкIэ, анэм и жьэр IитIкIэ иубыдыжащ, дохутырым и нэпсхэр ерагъкIэ зэтриIыгъэщ...

* * *

... И къуэм хьэдэIус хуимыщIыфа гуэгушыр шхыIэн щIагъым фызабэм щегъей...

... Бахъэр къызыщхьэщих гуэгушым бгъэдэс гупым фадэбжьэр яIэт.

* * *

... Шубэ лъапIэ симыIэу сэ къэзгъащIэр гъащIэ! - мэкIий фызыр. Сабийхэр гъыуэ пIэкум исщ.

* * *

... - Си Iэзэгъуэ хэлъкъым, - щэхуу нэпсыр елъэщI дохутырым. - Фыхуеймэ, мастэ хэтIумэ, зыкъыщищIэж щыIэщи...

- ХэIу, - жеIэ адэм.

Анэр щымщ.

Мастэр хеIу. Сымаджэм и нэхэр къызэтрех, хьэдрыхэ напэлъагъу къикIыжащ, блащхъуэ кIийм йоджэ:

- Папэ, мамэ, - къарууэ иIэж тIэкIур зэхуехьэсыжри, хъыджэбз цIыкIум адэм дежкIэ зеший, анэм и бгъафэм зыщIедзэри, имыгъэбауэу и пщэр щекъузыкI. Анэ лъагъуныгъэмкIэ зимыгъэнщIауэ анэ бгъафэм зыщIикъузэурэ, абы и Iэпкълъэпкъыр щIолIэ...

Адэр и пIэм идиихьащ. Анэм и нэпс ткIуэпс къыщIэткIуркъым. Абы и нэпсыр, лъы пщтыру, гуауэм ижьэ гущхьэм тоткIуэ...

ЦIыхухэ, сыт дэ мы дунейм тетхынур! ЦIыхухэ, зэнэзэпсэу дывгъэпсэу!

